«Гуапагъэм и жыг»

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Мухьэдин ныбжьэгъухэр зэхуешэс

3-нэ нап.

Ди лъэпкъэгъухэм траухуа лэжьыгъэ нэхъыфIхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№152 (24.746) ● 2024 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Гъуэгум и шынагъуэншагъэм кIэлъоплъ

УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIа Гъуэгу шынагъуэншагъэмкIэ комиссэм и зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIЫНАЛЪЭ щхьэхуэхэм къыщыхъу гъуэгу къэхъукъащIэхэм, абыхэм щыхэкIуадэхэм я бжыгъэм щытепсэлъыхьащ мы зэIущIэм. И гугъу ящIащ зэуэ машиниплI щызэблэкI хъу гъуэгушхуэхэм тетхэм къахуэгъэзэауэ къакIуэ машинэхэр зэрыпагъэщхьэхукIыну Iэмалхэм. КъинэмыщIауэ, къулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ УФ-м и Гъуэгу шынагъуэншагъэм 2030 гъэм, укъуэдияуэ – 2036 гъэ пщIондэ щыхэгъэхъуэным хуэунэтIа проектым къигъэув къалэнхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» проектымкIэ зытетыпхъэ мардэм щынагъэсащ километри 150-рэ, километр 80-м нэс гъуэгу Iуфэхэм уэздыгъэхэр ирагъэувэкIащ, лъэс зэпрыкIыпIэу 15, гъуэгум екIуэкI нэзу километр 13-м нэс, лъэс зекIуапIэу километр 26-рэ зыхуей хуагъэзащ. Ди республикэм и гъуэгухэм лъэс зэпрыкIыпIэу мини 2-м нэс иIэщ, абыхэм ящыщу 426-р школхэмрэ еджапIэхэмрэ япэгъунэгъуу пхышащ. Гъуэгу шынагъуэншагъэр къызэпызыудхэм сурэтрэ видеорэ тезых Iэмэпсымэ 215-рэ щIыпIэ-щIэпIэкIэ тетщ.

Гъуэгум ущызекIуэныр нэхъри нэхъ шынагъуэншэ щIыным зэрелэжьып хъэм пыухыкIауэ щытепсэлъыхьащ зэIущIэм.

«ЩIыналъэ сыхьэт»

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къалэ, район администрацэхэм я унафэщIхэр зыхэт «щIыналъэ сыхьэт» зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алийрэ республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Тырныауз къыщыхъуа Iуэхум, Эльбрус уэрамым тет, къатитI хъу, фэтэр куэду зэхэт унэм и щхьэр жьышхуэм зэрытрихам. Абы фэбжь хахащ щIыпIэм щыщ цIыхубзитIым, ахэр медицинэ IуэхущIапIэм яшащ. КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щащIащ, хуей хъумэ, къэхъукъащIэм къэрикIуахэр гъэзэкIуэжынымкIэ щIыналъэм зыщIагъэкъуэну. Iуэхур республикэм и Iэтащхьэм и нэIэм щIэтщ.

Апхуэдэу зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр, къэрал, щIыналъэ программэхэр щIыпIэхэм зэрыщагъэзащIэм.

Зэрызэдэлэжьам къырикIуахэр къапщытэж

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ яхуэзащ «Урысейм папщIэ» ЦIыхубэ фронт» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ штабым и унафэщIхэу Хутуевэ Любовь, Къылъшыкъуэ Альберт, абы и хэгъэгу гъэзэщIакIуэ гупым и унафэщI Бакаев Евгений сымэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм жиIащ ЦIыхубэ фронтым дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм ядэIэпыкъунымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр икIи абы и унафэщIхэми гупми фIыщIэ яхуищIащ.

ЗэIущIэм щыхэплъэжащ Урысей Федерацэм и Президентым и пщэрылъхэр, апхуэдэуи ЦIыхубэ фронтым къыхилъхьа жылагъуэ Iуэхухэр зэрагъэзащIэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа къэпщытыныгъэм къырикIуахэм.

Зи гугъу ящIахэм ящыщщ школ автобусхэм папщIэ зыхуэныкъуэ квалификацэ зиIэ водителхэр зэрахуримыкъур, жылагъуэ транспортыр пщыхьэщхьэм тэмэму зэрыземыкIуэр, гъуэгухэм я шынагъуэншагъэр, хьэлъэзешэ машинэхэр курорт щIыпIэхэм пэIэщIэ щIыныр, цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэт медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр, нэгъуэщIхэри.

«Къапщтэмэ, зэгъусэу едгъэкIуэкI лэжьыгъэр ди Президент Путин Владимир цIыхухэм дапыщIауэ щытыным теухуауэ къигъэлъэгъуа мардэхэм тетщ, гулъытэ зыхуэмыфащэ зы Iуэхуи абы яхэткъым. Псори зэпхыжар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщи, адэкIи ди зэдэлэжьэныгъэм къыпытщэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Къалэн нэхъыщхьэхэр яубзыху

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Республикэм террорым пэщIэтынымкIэ комиссэмрэ Оперштабымрэ я зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ илъэсыщIэ зэхыхьэхэр щекIуэкIкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным епха Iуэхухэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Васильченкэ Дмитрий**, министрхэр, щIыпIэ самоуправленэхэм, муниципалитетхэм, хабзэхъумэ, къэпщытакIуэкIэлъыплъакIуэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр.

Нэхъапэми хуэдэу, мы гъэми республикэм щрагъэкIуэкIынукъым цIыхушхуэ щызэхыхьэну Iуэхугъуэхэр. ЕджапIэхэм, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэм къыщызэрагъэпэщынущ илъэсыщIэ махуэшхуэхэр, театр зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр. КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ цIыхухэр нэхъыбэу щызэхуэсыну, турист щIыпIэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщыну.

ЗэIущIэм къыщапщытэжащ терроризмэм пэщIэтынымкIэ илъэсым къриубыдэу ирагъэкIуэкIа Iуэхухэм къырикIуахэр, етIанэгъэ я лэжьыгъэр нэхъ зытраухуэнур яубзыхуащ.

«ХъуэпсапIэхэм я псейр» ягъэщIэрэщIащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэжьащ сабийхэм я хъуэпсапIэхэр зэрыт письмоулъэ 1000-м нэс зыкIэрыщIа «ХъуэпсапIэхэм я псейм» епха лэжьыгъэр.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ, хабзэ хъуауэ, ирагъэкIуэкI псапэ зыпылъ Iуэху. Ар яхуэгъэзащ узыншагъэкIэ сэкъат зиIэ сабийхэм, зеиншэхэм, гугъуехь пэщIэхуа унагъуэхэм зыщIагъэкъуэн мурадкIэ.

Къэрал къулыкъущIапIэхэм я къудамэхэу республикэм щыIэхэм я унафэщIхэмрэ хабзэхъумэ органхэм щылажьэхэмрэ я гъусэу, КIуэкIуэ Казбек псей гъэщIэрэщIам къыфIихащ сабийхэм я гуращэхэр зэрыт письмоулъэхэр. «ЦIыкIухэм зыхуей псори Iэмал имыIэу яхуэтщIэнущ», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Казбек ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэм, волонтёрхэм, «Пэрытхэм я зэгухьэныгъэм» и къудамэу щIыналъэм щыIэм фIыщIэ яхуищIащ псапэ зыпылъ Iуэхур екIуу къызэрызэрагъэпэщам папщIэ.

Депутатхэр сабийхэм яхуоупсэ

Къэралым щокIуэкI «ХъуапсапIэхэм я псей» зыфIаща псапэ зыпылъ Iуэхур. КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ депутатхэмрэ я гуапэу абы хыхьащ.

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэу сабий 200-м нэблагъэм я хъуэпсапIэхэм гулъытэ хуащIын мурадкIэ, абыхэм КъБР-м и Правительствэм щагъэува псей гъэщIэрэщIам къыфIахащ цIыкIухэр ИлъэсыщIэ тыгъэу зыщIэхъуэпсхэр зратха тхыгъэ щырыщ.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ

- ИлъэсыщIэр балигъхэми сабийхэми я гур зыгъэпIей махуэшхуэщ. АтIэ дэтхэнэ балигъми и хъуэпсапIэхэм яхэтщ нэхъыщхьэу къилъытэ зы: ди щIэблэр узыншэу, насыпыфIэу къыдэкIуэтеиныр. ИлъэсыщIэр къыщыблагъэкIэ, сабийхэр поплъэ телъыджэхэм. ИкIи абыхэм ягухэр мэпIейтей, а телъыджэ зыхэтыр нэхъыбэрэ екIуэкIыну хуейуэ. Балигъым и дежкIэ сыт хуэдэу гухэхъуэ и нэр къызыхуикIа тыгъэхэр сабийм къыщыIэрыхьэм кIэлъыплъыну! «ХъуэпсапIэхэм я псейр» - сабийхэм я дунейм апхуэдэ зы гуфIэгъуэ хэплъхьэну Iэмал къозытщ. Ди гуапэу дыхэтынущ Iуэхум, дгъэгуфIэнущ сабийхэр.

Депутатхэм къаIэрыхьа конвертхэм ит хъуэпсапIэхэр ягъэзэщIэнущ ИлъэсыщIэм ипэ къихуэу.

«ХъуэпсапIэхэм я псейр» Урысей Федерацэм и щIыпIэ псоми щокIуэкI илъэс еханэ хъуауэ. Гуапагъэм хуэпабгъэ цIыхухэм абы лъандэрэ сабий куэд ягъэгуфIэну хунэсащ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Хабзэубзыхухэм я зэхыхьэ

Москва областым щыIэ «Сбербанкым и университет» АНО-м мы махуэхэм щекIуэкIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым хэт хабзэубзыхухэм я Советым и зэхыхьэхэр. Абы щыIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советым социальнэ политикэмкIэ, дунейпсо зэдэлэжьэныгъэмкIэ и комиссэхэм хэт Егоровэ Татьянэ.

УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советым и зэIущIэр дыгъэгъазэм и 17-м иригъэкIуэкIащ ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщI **Матвиенкэ Валентинэ**. Депутатхэр, министерствэхэм я унафэщIхэр, щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэIущIэм щытепсэлъыхьащ коммунальнэ IуэхущIапIэхэр зэрырагъэфIэкIуэфыну Iэмалхэмрэ щIыналъэхэм кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыщагъэсей щIыкIэмрэ.

Матвиенкэ Валентинэ къыхигъэщащ къаIэта Iуэхухэр зэрызэпхар. «ЦIыхухэм я псэукIэр зэIузэпэщ хъуныр зэлъыта Iуэхущ нобэ дызытепсэлъыхьыр икIи абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Урысейм и Президент Путин Владимир и «эфир занщIэм» къагъэхь упщIэхэм къагъэлъагъуэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм ехьэлIауэ зэлэжьыпхъэхэр дызэриIэр, - жиIащ абы.

Матвиенкэм зэрыжиIамкIэ, щIызэхуэсам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр дэтхэнэми и Iуэху еплъыкIэр зрагъащIэу, щIыналъэхэм я гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкIыпIэхэмрэ ягъэбелджылынырщ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщI **Володин Вячеслав** иригъэкIуэкIа зэхуэсым щытепсэлъыхьащ 2024 гъэм щIыналъэхэм щызэфIагъэкIа лэжьыгъэм, етIанэгъэ я мурадхэм. Володиным къыхигъэщащ Къэрал Думэм гулъытэ хэха зэрыхуищIыр щIыналъэхэм я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэным. Мы гъэм Къэрал Думэм и зэIущIэхэр щIыналъэхэм чэзууpэ щрагъэкIуэкIащ, социальнэ-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIа Iуэхухэр къыщаIэту. КъищынэмыщIауэ, видеоконференц зэпыщIэныгъэкIэ зэIущIэ 26-рэ къызэрагъэпэщащ.

Къэрал Думэм и УнафэщIыр тепсэлъыхьащ къащта законхэмрэ нэхъыщхьэу зэлэжьхэмрэ: «Ди лэжьыгъэр, дауи, доунэтI Урысей Федерацэм и Президентым и Зэрызыхуигъазэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхухэр зэрыдгъэзэщIэнум теухуауэ. ЦIыхубэм и зыужьыныгъэращ зытетщIыхьыр. Апхуэдэуи гулъытэ щхьэхуэ, шэч хэмылъу, худощI дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным, сабийхэм я узыншагъэр, къэралым и шынагъуэншагъэр хъумэным».

Хабзэубзыхухэм я Советым и лэжьыгъэм ипэ къихуэу, абы и Президиумымрэ комиссэхэмрэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм щыхэплъащ УФ-м къыгухьэжа щIыналъэхэм федеральнэ хабзэр щылажьэу, экономикэ, социальнэ Iуэхухэр щагъэзащIэу зэращIынум. КъищынэмыщIауэ, «Ищхъэрэ щIыпIэм зегъэужьыным теухуауэ» Федеральнэ законыр зэрагъэзащIэми и гугъу ящIащ.

Хабзэубзыхухэм я Советым социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманымрэ я узыншагъэр зэрырагъэфIакIуэмрэ къызэрыщызэрагъэпэщым.

Къыхэгъэщыпхъэщ: УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советыр чэнджэщакIуэ IуэхущIапIэу зэрыщытыр, къэрал политикэр гъэзэщIэнымкIэ пщэрылъхэр хабзэ и лъэныкъуэкIэ убзыхуныр, а лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр и къалэну.

Къулыкъум пэрытхэм ядоIэпыкъу

● Дызэкъуэту

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым Налшык щиIэ и къудамэм Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди дизель генераторрэ сэлэтхэм къахуэсэбэпыну хьэпшыпхэмрэ. Ар къызэрагъэпэщащ «Сила в правде» Iуэхум щыщу.

ПАРТЫМ и щIыналъэ къудамэм и секретарь Мэкъушэ Руслан жиIащ киловатти 5,5-рэ зиIэ генераторыр КъБР-м и федеральнэ налог IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм къызэращэхуар. Апхуэдэуи, СВО-м щыIэхэм хуашэну хьэпшыпхэр гъэхьэзырыным хэтащ Урысейм и УФНС-м КъБР-м щиIэ и къудамэр, «Горянка – А» бэзэрыр, Налшык дэт сабий сад №49-р, Вольный Аул микрорайоным и администрацэр.

«Сила в правде» зэгухьэныгъэм и унафэщI Мещеряковэ Ксение жиIащ партым и щIыналъэ къудамэм къыщызэхуахьэсахэр Запорожьем зэрынагъэсынур.

- Хьэпшыпхэм яхэлъщ зауэлIхэм сабийхэм хуатха письмохэр. ЦIыкIухэм я псалъэхэм сэлэтхэм я гур фIы ищIыну къысщохъу. СВО-м щыIэхэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэхэм ущыщIэупщIэфынущ ди зэгухьэныгъэм. Сыт хуэдэ зэманми къэсэбэпхэм ящыщщ скотчхэр, зэрызыщIауфэ хъархэр, кIапсэ быдэхэр, щыгъын хуабэхэр, шэху уэздыгъэхэр. Псымрэ унагъуэ фIэIугъэхэмрэ сытым дежи щогуфIыкI сэлэтхэр. СВО-м щыIэхэм хьэпшып зэхуэтхьэсурэ щахуедгъашэкIэ, унагъуэшхын IэфIхэри хыдолъхьэ. Апхуэдэу, «Барашек» шхапIэм дэлэн куэду щагъажьэри къытIэрагъэхьауэ щытащ. Хьарзынэу ялъоIэс лэкъум, хъыршын хуэдэхэри, - жиIащ Ксение.

- УФНС-м КъБР-м щиIэ и IуэхущIапIэр зэпыу имыIэу хэтщ Украинэм щыIэ ди щIалэхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Ар зыкъомкIэ и фIыщIэщ ди унафэщI Гуэбэшы Аслъэн. Управленэм и деж щыIэ щIалэгъуалэ советми щытхъу къелэжь, хэлъэт яIэу къызэрыдбгъурыувэфым папщIэ. «Урысей зэкъуэтым» и IуэхущIапIэм щызэхуахьэса хьэпшыпхэм ди хэлъхьэныгъэщ дизель генераторыр. НэхъапэкIэ зэхэтхат абы ди зауэлIхэр зэрыхуэныкъуэр. ДгъэщIэхъункIэ Iэмал иIэкъым, - жиIащ УФНС-м КъБР-м щиIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Нало Залымджэрий.

«Горянка – А» бэзэрым и унафэщI Жамурзаев Сэфар къишащ сэлэтхэр щIымахуэм зыхуэныкъуэ щыгъын хуабэхэр.

Налшык дэт сабий сад №49-м и унафэщI Кадыровэ Iэминат къихьащ я гъэсэн цIыкIухэм сэлэтхэм хуатха письмохэмрэ ящIа сурэтхэмрэ.

- «Сила в правде» Iуэхум ди гуапэу дыхыхьащ. ЗауэлIхэм зэрызыщIауфэ хъархэр цIыкIухэм къыддащIащ,- жиIащ абы.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикым пэщIэтынымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №147-мкIэ къащтам, хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикым пэщIэтынымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикым пэщIэтынымкIэ и комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №147-мкIэ къащтам, хэтхэм мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Бозий А. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Рсепубликэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министрыр

Тогузаев Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрыр;

б) Комиссэм къыхэгъэкIыжын Асанов А. О., Ахъуэхъу Т. Б.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ **КIУЭКIУЭ Казбек**

Налшык къалэ,
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м
№139-УГ

ЩыIэкIэ-псэукIэр зэлъытыжар

Абыхэм теухуауэ щытащ КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэмкIэ и комитетым иджыблагъэ Прохладнэ къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэр.

- МЫ Iуэхум Прохладнэ къалэм дыщытепсэлъыхьыну къыщIыхэтхар абы зэлэжьыпхъэу мыбы щыIэр зэрымымащIэрщ. Гугъуехьхэр къэдгъэнэIуэн, абыхэм я хэкIыпIэхэм зэгъусэу дегупсысын папщIэ дызэхуэсащ, - жиIащ комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч**.

«Къалэ ток сетхэр» АО-м и унафэщI Литвинов Роман я Iуэху зытетым щытепсэлъыхьым жиIащ IуэхущIапIэм кIапсэ линэу километр 311-рэ и нэIэм зэрыщIэтыр. Ахэр кIэлъоплъ трансформатор подстанци 130-рэ тезыгуашэ пунктищым. 2024 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу къызэрапщытамкIэ, Iэмэпсымэхэр процент 52,4-кIэ жьы хъуащ.

Къалэм щыпсэухэр мы гъэм электрокъарукIэ нэгъэсауэ къызэрагъэпэщащ. Прохладнэ къалэ округым ар къыщызыгъэсэбэпхэм я бжыгъэр мин 15-м нэхърэ тIэкIу нэхъ мащIэщ, мин 2200-м щIигъур IуэхущIапIэщ. Литвиновыр тепсэлъыхьащ электрокъарумкIэ щIыхуэу ятелъыр зыхуэдизми кIапсэхэр зэрызэрагъэпэщыж щIыкIэми.

«Къалэ ток сетхэр» АО-м къалэм зегъэужьыным мылъку хелъхьэ, зэрыхабзэу. Мы гъэм ар сом мелуани 136-м щIигъуащ. Жьы хъуа Iэмэпсымэхэр процент 52-м нагъэсыфащ, процент 75-м и пIэкIэ. 2024 гъэм кърихубыдэу трансформатор подстанцу 4 зэрахъуэкIащ, кIапсэ километр 0,25-рэ зэрагъэпэщыжащ, апхуэдэуи подстанц 14-м я унащхьэхэр зэрахъуэкIащ.

«Прохладнэ теплоэнерго» АО-м и унафэщI **Бырхьэм Беслъэн** жиIащ 2024 гъэм и мазипщIым сом мелуани 5,8-м щIигъукIэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрагъэзэщIар. Апхуэдэу котёл 62-рэ, насосу 65-рэ, псыр зыгъэкъабзэ Iэмэпсымэу 18 зыхуей хуагъэзащ, котельнэ 14 зэрагъэпэщыжащ, хуабэр зэрыкIуэ сеть метр 265-рэ зэрахъуэкIащ.

ЗыпэщIэт гугъуехьхэм къыщытеувыIэм, Беслъэн къыхигъэщащ хуабэр зэрыкIуэ бжьамийхэр процент 70-м нэблагъэкIэ жьы зэрыхъуар, ахэр псори зыхуей хуэгъэзэным сом мелуан 60 хуэдиз зэрытекIуэдэнур.

«Прохладнэ водоканал» IуэхущIапIэм и унафэщI **Шыхъуэ Тимур** жиIащ къалэм километр 256-рэ зи кIыхьагъ бжьамий зэрыщIэлъыр, абы щыщу километри 152-р жьы зэрыхъуар. IуэхущIапIэр иужь итщ къагъэсэбэп электрокъарур нэхъ зэрагъэмащIэнум, сыту жыпIэмэ насосыр фIыуэ лажьэркъым, ауэ токыр куэду къытредзэ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ар зэрагъэуврэ куэд зэрыщIарщ - 1960 - 1980 гъэхэрщ. Насос станцхэр щIэкIэ зэрахъуэкIамэ, илъэсым кърихубыдэу киловатт мин 300-м нэблагъэ къыдагъэхуэфынут, ахъшэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, ар сом мелуани 2,6-рэ хуэдиз мэхъу.

- Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и гъусэу долэжь мы Iуэхухэр зэрытхузэфIэхыну федеральнэ программэхэм дазэрыхыхьэну щIыкIэм, - жиIащ къэпсэлъам.

Я Iуэху еплъыкIэхэр зэIущIэм къыщагъэлъэгъуащ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу **Бэлагъы Борис**, КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, «ЛДПР» фракцэм и унафэщI **Безгодькэ Владимир**, УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Мэзло Руслан**, Прохладнэ къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Кожухов Кирилл**.

ЗэIущIэм хэтахэм зэдэарэзыуэ жаIащ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным хухах мылъкур нэхъыбэ щIын зэрыхуеймрэ а Iуэхухэм зи мылъку хэзылъхьэфынухэмрэ нэхъ жыджэру зэрадэлэжьапхъэр.

ЗэIущIэм щыжаIар къыщызэщIикъуэжым, **Къумал Заурбэч** къыхигъэщащ республикэм и псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм зегъэужьыным КъБР-м и Iэтащхьэм и нэIэ зэрытригъэтыр. Абы къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ гугъуехьхэр къызэрагъэнэIуам папщIэ, икIи дыщIигъуащ КъБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи зэрыхьэзырыр цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэну Iуэхухэм елэжьыну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Зэхуэарэзыуэ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей стIол хъурей зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ республикэм и къарузехьэ IэнатIэхэм я пресс-IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ щIыналъэ МВД-м, МЧС-м, Следственнэ комитетым я пресс-IэнатIэхэм я унафэщIхэр. Къызэхуэсахэм къызэщIакъуэжащ 2024 гъэм зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэр, дызыхыхьэ илъэсым я къалэнхэми тепсэлъыхьащ.

ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщащ я зэдэлэжьэныгъэм, я зэпыщIэныгъэхэмрэ я зэфIэкIхэмкIэ зэдэгуэшэныр къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Си фIэщ мэхъу адэкIи купщIафIэу дызэрызэдэлэжьэнур, зэщIэдгъэуIуэ ди къарум ехъулIэныгъэхэр къызэрырикIуэнур, - къыхигъэщащ Васильев Сергей.

IуэхущIапIэм и унафэщIым кърихьэблэгъахэм фIыщIэ тхылъхэр яритащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм деж щыIэ Эксперт советым и зи чэзу зэIущIэр дыгъэгъазэм и 17-м КъБР-м и Правительствэм щекIуэкIащ. Абы къыщызэщIакъуэжащ IуэхущIапIэр 2024 гъэм зэлэжьахэр.

ЦIыхум и хуитыныгъэм зи нэIэ тетхэр

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу республикэм щыIэ **Васильченкэ Дмитрий**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хьэзрэталий**, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Батыр Заурбэч**, «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI **Маслов Николай**, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** жиIащ, хабзэ зэрыхъуауэ, дыгъэгъазэ мазэм зэфIагъэкIахэр къызэрызэщIакъуэжыр, ар иужькIэ УФ-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм, КъБР-м и Iэтащхьэм, республикэм и Суд Нэхъыщхьэм я пащхьэ зэрыралъхьэр.

- КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ зэрыжиIамкIэ, экономикэкIи цIыхухэр зэIузэпэщу псэунымкIи республикэм зыужьыныгъэ зэригъуэтар, уеблэмэ лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэнымкIэ къэралым ипэ ит щIыналъэхэм дазэрыщыщыр. Ди щIыналъэ унафэщIым къыхигъэщащ дяпэкIи унагъуэхэм, нэхъыжьхэм, щIалэгъуалэм защIэгъэкъуэным, къуажэхэм зегъэужьыным иужь зэритынур. Дэри, хуитыныгъэхэр зыхъумэхэм, къалэн нэхъыщхьэу зыхудогъэувыж жылагъуэ гъащIэр егъэфIэкIуэным, хабзэр ягъэзэщIэным ди гуащIэ хэтлъхьэныр, - жиIащ Зумакуловым.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, 2024 гъэм IуэхущIапIэм зэрызыхуагъазэ тхыгъэу 652-рэ къыIэрыхьащ, абы щыщу 4-р - гупхэм къабгъэдэкIыу. ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр къыщызэпауд Iуэхугъуэу 121-рэ уполномоченнэм къыIэрыхьащ, экономикэ хуитыныгъэхэм ехьэлIауэ (я мылъкум, хьэрычэт лэжьыгъэм, щIы къызэрагъэсэбэпым, таможеннэ хабзэхэм я IуэхукIэ) - 15, унагъуэр хъумэным, псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщым, медицинэ дэIэпыкъуныгъэм, нэгъуэщIхэми хуэгъэзауэ гуныкъуэгъуэ зиIэхэр 115-рэ хъурт, анэдэлъхубзэр хъумэным, щIэныгъэм, щэнхабзэ гъащIэм хэтыным, нэгъуэщIхэми 10 теухуауэ щытащ, политикэ хуитыныгъэхэм - 4, уголовнэ Iуэхум хуитыныгъэхэр щыхъума хъуным - 258-рэ. Ахэр зэхэгъэкIыным IуэхущIапIэр елэжьащ къэрал, муниципальнэ IэнатIэхэм я гъусэу.

- ЗэрыфщIэщи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2024 гъэр Унагъуэм и илъэсу игъэуващ. Шэч хэмылъуи, гулъытэ хэха хуэтщIащ унагъуэмрэ абы къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэмрэ ехьэлIауэ хуитыныгъэхэр зэрытхъумэным, - пищащ адэкIэ Зумакулов Борис. - Апхуэдэу дыхэтащ «Унагъуэм игъэзащIэ къалэныр: и тхыдэр, хабзэхэр, нобэрей гъащIэр» щIэныгъэ конференцым. «ЦIыхум и хуитыныгъэхэр» урысейпсо дерсым хыхьэу, Уполномоченнэм и Аппаратым и лэжьакIуэхэр школхэм щыIащ, ныбжьыщIэхэм епсалъэу. Унагъуэм и мыхьэнэр сыт щыгъуи ди деж лъагэу щыщытащ. Нобэ абы нэхъ лейуэ гулъытэ хуэтщIын хуейуэ щIыжытIэр мы зэманым КъухьэпIэр Урысейм зэран къызэрыхуэхъун Iэмал нэхъыкIэ дыдэхэр къигъэсэбэпыну зэрыхэтырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт щыгъуи унагъуэ быдэм, абы илъ хабзэхэм пщIэ щыхуащIу къэгъуэгурыкIуащ. Къэралыр унагъуэхэм зэрадэIэпыкъур абыхэм зэралъэIэсым ди нэIэ тедгъэтын хуейщ.

Уполномоченнэр щхьэхуэу къытеувыIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ IуэхущIапIэр щIэгъэкъуэн зэрахуэхъум. Япэ махуэм щегъэжьауэ, ар яIуощIэ хэкIуэда зауэлIхэм я Iыхьлыхэм, икIи къэралыр апхуэдэхэм зэрадэIэпыкъу IэмалхэмкIэ ахэр къызэгъэпэща зэрыхъуным и нэIэ трегъэт. Мы гъэм СВО-м щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ къабгъэдэкIыу Iуэхугъуэ 96-кIэ Уполномоченнэм зыхуагъэзащ. Абыхэм яхэтт хъыбарыншэу кIуэдахэр къэлъыхъуэжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуну къелъэIуу, СВО-м зэрыхэкIуэдам е фэбжь зэрыхихам щхьэкIэ зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр къазэрыIэрыхьэну щIыкIэм, къуэр хэкIуэдамэ, абы иIэ хуэгъэкIуатэхэр къуэрылъхум иратыным теухуахэр, нэгъуэщIхэри.

Зумакулов Борис жиIащ язынықъуэ Iуэхухэр УФ-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Москальковэ Татьянэ зэрыхуагъэхьыр икIи хэкIыпIэхэр зэгъусэу асыхьэту къызэрагъуэтым щхьэкIэ фIыщIэ зэрыхуищIыр. КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм и IуэхущIапIэм «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ, апхуэдэуи жыджэру долажьэ КъБР-м и Дзэ комиссариатми.

- 2024 гъэм и жэпуэгъуэщэкIуэгъуэ мазэхэм Урысей Федерацэм ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэхэм зэщIэзыгъэуIуэ советхэр ирагъэкIуэкIащ медицинэ IуэхутхьэбзэхэрцIыхухэм екIурэ-ещхьу яIэрыгъэхьэным теухуауэ, - пищащ нэхъыжьым. - Ди республикэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зэраIэрыхьэр щегъэфIэкIуэным, хущхъуэкIэ къыщызэгъэпэщыным ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI. КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ къащтауэ ягъэзащIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ программэхэр. Псалъэм папщIэ, федеральнэ IэнатIэр я дэIэпыкъуэгъуу, перинатальнэ центрыр яухуащ, гемодиализымкIэ, лъынтхуэ хирургиемкIэ къудамэхэр къызэрагъэпэщащ, лыщх узыфэм щеIэзэмрэ кардиологие сымаджэщымрэ ехъулIэныгъэ яIэу мэлажьэ. Ауэ иджыпсту щыIэ гугъуехьхэм я гугъу пщIымэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжыну республикэ центр дызэримыIэр къыхэгъэщыпхъэщ. Ар къэтлъытауэ, дэ къыхыдолъхьэ апхуэдэ IуэхущIапIэ Налшык курортым хыхьэу яухуэну. А центрыр диIамэ, ди республикэм щыщхэм я мызакъуэу, абы кърашалIэ хъунут Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм щыщу дзэ Iуэхум хэтахэри.

Зумакулов Борис тепсэлъыхьащ тезыр зыпшыну щхьэхуит хъужахэр гъащIэм хэзэгъэжыным и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэми. «Мызэ-мытIэу дытепсэлъыхьащ лъэхъуэщым къикIыжахэм зыщыщIагъакъуэ, пIалъэкIэ щыпсэун щIыпIэ щыхуэхах IуэхущIапIэ хэха къызэгъэпэщын зэрыхуейм. Муниципальнэ щIыналъэхэм а Iуэхур къызэрызэрагъэпэщыну мылъку ябгъэдэлъкъым, абы къыхэкIыу Эксперт советым нэхъ къабылу къилъытащ мы IуэхумкIэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий зыхуэдгъэзэныр. Мыбдеж къыхэзгъэщынут терроризм, экстремизм Iуэху зезымыхуэжыну мурад зыщIахэр жылагъуэм хэгъэзэгъэжынымкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ комиссэми мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ зэрыригъэкIуэкIыр», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ **Берд Хьэзрэталий**, **Батыр Заурбэч**, **Маслов Николай**, Уполномоченнэм и жылагъуэ дэIэпыкъуэгъуу Май районым щыIэ **Герасимовэ Светланэ** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Гуапагъэм и жыг»

«Урысей пощтым» Налшык щиIэ къудамэ нэхъыщхьэм дыгъэгъазэм и 17-м щекIуэкIащ «Гуапагъэм и жыг» урысейпсо Iуэхур дэзыIыгъхэм я зэхыхьэ. Ар къызэригъэпэщащ «Урысей пощтым» и щIыналъэ къудамэм, республикэм и депутатхэр и дэIэпыкъуэгъуу.

ЗЭХЫХЬЭР езыгъэкIуэкIа журналист Аттаев Азнор къирихьэлIахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ 2015 гъэм щыщIэдзауэ Iуэху гуапэр Урысейм и щIыналъэ псоми зэрыщекIуэкIыр, ар зэрырагъажьэрэ цIыху мин пщIы бжыгъэхэр мыбы зэрыхэтар. Псори зытеухуэжар жьы хъуахэм щакIэлъыплъ, сабий зеиншэхэр щапI унэхэм, къуажэ библиотекэхэм, гулъытэ хуэныкъуэ нэгъуэщIхэми республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ яIэрыхьэныр къызэгъэпэщынырщ.

- КъБР-м и Парламентыр ди дэIэпыкъуэгъуу, дахуоупсэ газетхэмрэ журналхэмрэ фIыуэ зылъагъухэм, ауэ традзэну Iэмал зимыIэхэм, - жиIащ «Урысей пощтым» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Вэрокъуэ Заур. - ЦIыхубэм япэIэбэным теухуа IуэхуфI дызэгъусэу долэжь. КъыжыIапхъэщ, газетхэм, журналхэм щыщ гуэрхэр дзэ Iуэху хэхам мамыр гъащIэм щIэбэну хэкIуэда щIалэхэм я унагъуэхэм зэрыхуагъэхьынур. Ар зи жэрдэм редактор нэхъыщхьэхэм фIыщIэ яхуэфащэщ! Гуапагъэ зыщIэ дэтхэнэри Тхьэм фигъэпсэу!

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бжьахъуэ Ранетэ Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм фIыщIэ яхуищIащ, псом хуэмыдэу дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я унагъуэхэм газетхэмрэ журналхэмрэ яIэрыхьэныр зы жэрдэм депутат Алтуев Аслъэн. Абы жиIащ газетхэр цIыхубэм яIэрыхьэнымкIэ мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Жыласэ Заурбэч** КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэ зи унафэщIым къыбгъэдэкIыу газет, журнал 12-м Iэ яхутридзащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и школ-интернат №3-м щIэсхэм.

Республикэм и депутатхэм, Iуэхум зыкърезыгъэхьэлIа нэгъуэщI куэдми апхуэдэ гулъытэ хуащIащ узэгуэпэкI хъунухэм.

Фигу къыдогъэкIыж: «Урысей пощтым» ди щIыналъэм щиIэ дэтхэнэ къудамэми Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ. АбыхэмкIэ нэгъуэщIхэми фахуэупсэным фIыщIэ пылъщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● УФСБ-м къет

Бюджет ахъшэшхуэ идыгъуащ

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ КазначействэмкIэ Федеральнэ Управленэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэу щыта Молэмусэ З. А. илэжьа хабзэншагъэр.

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, зи гугъу тщIы къулыкъущIэм, дэфтэр нэпцIхэр къигъэсэбэпри, бюджет мылъкум ахъшэшхуэ хидыгъукIащ.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Молэмусэ З.А. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ, 4-нэ Iыхьэхэм, 187-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьамкIэ. Абы илъэсиплI тралъхьащи, тутнакъэщ къызэрыгуэкIым щигъэкIуэнущ.

Дунейм щыхъыбархэр

Уасэхэр хэмыгъэхъуэным теухуауэ

УФ-м и Къэрал Думэм и вице-спикер Даванков Вячеслав жиIащ уасэхэм зэрыхэхъуэм пэщIэтын комитет къызэрагъэпэщыну депутатхэм мурад зэращIар. Абы къыхилъхьащ а гупым Урысейм и Правительствэм, Банк Нэхъыщхьэм я лIыкIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр хагъэхьэну.

ДЕПУТАТЫМ жиIащ уасэхэр псынщIэу зэрыхэхъуэм къиушэ гугъуехьхэр икIэщIыпIэкIэ зэрызэфIэхыпхъэр, армыхъуамэ, илъэсыщIэр гъэжьым нэхърэ нэхъыфI зэрымыхъунур. «Уасэхэр щIыхэхъуэм и щхьэусыгъуэм ущIэупщIэмэ, абыкIэ зыми зигъэкъуаншэркъым. Дауэ хъуми, а гугъуехьыр щыIэщи, ар зэрызэфIэтхыным дыхущIэкъупхъэщ», - жиIащ абы.

Даванков Вячеслав къыхигъэщащ Урысейм иужьрей зэманым ерыскъыпхъэ зыбжанэм я уасэм хэпщIыкIыу зэрыщыхэхъуар. Апхуэдэу майонезым и уасэр процент 10-кIэ, мандаринхэм - процент 20-кIэ дэуеящ. «Сэ къызолъытэ уасэхэм хэмыгъэхъуэным теухуа Iуэху куэд мы илъэсым иджыри тхузэфIэгъэкIыну», - жиIащ депутатым.

Мамырыгъэм и телъхьэщ

Польшэм жылагъуэм я еплъыкIэр зыдж и центрым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, къэралым и цIыхухэм я процент 55-м къалъытэ зэпэщIэтыныгъэр къагъэувыIэн папщIэ Украинэм и щIыналъэхэр иутIыпщыным арэзы техъуэн хуейуэ. Процент 31-р Киев имыкIуэту дзэ Iуэхухэм къыпищэным и телъхьэщ. ЗэупщIахэм я процент 14-м абы теухуауэ еплъыкIэ пыухыкIа яIэкъым.

ЦЕНТРЫМ къызэритымкIэ, къэралитIым я зэныкъуэкъур къызэрыщIидзэрэ иджыщ Польшэм и цIыху нэхъыбэ мамырыгъэм и телъхьэ щыхъуар. Псом хуэмыдэу дзэ зэпэщIэтыныгъэр къэгъэувыIэным и телъхьэщ щIалэгъуалэмрэ «Конфедерация», «Право и справедливость» оппозицэ партхэм я хэхакIуэхэмрэ. Къэрал унафэр зезыгъэкIуэ партхэр а Iуэхум зэреплъыр зэтехуэркъым.

Дыгъэгъазэм и 19, *махуэку*

♦**Хуэмыщ1ауэ псэухэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и Къэрал Къулыкъум и дзэ тIасхъэщIэх IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1906 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адмирал, Ищхъэрэ, Балтие флотхэм я командующэу щыта **Головко Арсений**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Горькэм и цIэр зезыхьэ Дунейпсо литературнэ институтым и профессор **Алий Аллэ**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ футболист Iэзэу щыта, СССР-ми РСФСР-ми я чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iэпщэ Александр**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 5 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 20, *мэрем*

♦**ЦIыхухэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м Къэралым шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1760 гъэм** къалъхуащ адыгэпщ, урысеидзэм полковникыу къулыкъу щызыщIа **ХьэтIохъущокъуэ Исмэхьил-Бей**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Гъуаплъащ1э Заудин**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретару щыта **ХьэIупщы МуIэед**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щIыIэр градуси 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ХьэщIэм насып къыдокIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» ГКУ-м, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм я лэжьакIуэхэр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэкIэ тхылъхэр гъэхьэзырынымкIэ икIи къыдэгъэкIынымкIэ къудамэм и унафэщI **Джэрыджэ Арсен Хьэнахъуэ и къуэм** хуогузавэ и къуэш **Джэрыджэ Хьэсэн Хьэнахъуэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Мамырыгъэм и лIыкIуэ

Урысей цIыхубэм я нэ нэхъ къыдзыхуикIыу зэжьа интервьюхэм язщ США-м щыщ журналист Карлсон Такер УФ-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей дригъэкIуэкIар.

«ИДЖЫПСТУ хуэдэу ядернэ зауэм нэхъ дыщыпэгъунэгъуа зэман къытхуихуакъым, - апхуэдэу къыщIидзат америкэн журналистым Мэзкуу щыIэу и хэкуэгъухэм зэрызахуигъэза и псалъэр. УФ-м и Президент Путин Владимир интервью къыщыIихам щыгъуэ, Карлсон цIыху мелуан бжыгъэхэм я гулъытэр къызэрихьэхуауэ щытам куэдкIэ къыкIэрыхуртэкъым ар Лавровым зэрепсэлъам цIыхубэр къызэрыпэджэжари.

Карлсон Такер США-м щэкIуэгъуэм щекIуэкIа хэхыныгъэхэм щытекIуа Трамп Дональд и акъылэгъухэм язщ. Абы къыхэкIыу, Мэзкуу къызэрыкIуар къыщынаIуэм, зыми имыщIэу Президентым хъыбар щэху гуэр къыхуихьа хуэдэу, жагъуэгъухэм гурыщхъуэ къыхуащIу къыщIэкIащ. Дунейпсо цIыхубэм интервьюм щедэIуэну сыхьэтыр къащIыхуэмыгъэсыр гурыIуэгъуэт: ар къалъытэрт КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ я зэхуакум къыдэхъуа къаугъэр мамырыгъэкIэ иухыным хуэунэтIа лъэбакъуэу. Трамп Дональд-нэхъыщIэм, президенту хахам и къуэм, и интернет напэкIуэцIым къритха псалъэхэми Карлсон и пщIэр иIэтащ: «Урысеймрэ Украинэмрэ зэкIужын папщIэ, Карлсон Такер нэхъыбэ ищIащ иджыпсту США-м и унафэр зыIэщIэлъ Байден Джо и администрацэм нэхърэ».

Карлсон Такер 1969 гъэм Сан-Францискэ къалэм къыщалъхуащ. Совет Союзым щэхуу къыщаубыду щыта «Голос Америки» радиом и унафэщIу лэжьащ абы и адэр. 1992 гъэм щIалэм Тринити-колледж жыхуаIэ еджапIэ хэIэтыкIар къиухащ. 2016 гъэм щегъэжьауэ езым и цIэр зезыхьэ нэтын «Фокс Ньюс» телеканалым щригъэкIуэкIыу щытащ. АрщхьэкIэ иджырей тетыгъуэр зэныкъуэкъу Трамп зэрителъхьэр, абы и Iуэху дигъэкIыну, ар тригъэкIуэну зэрыхущIэкъур гурыIуэгъуэ щыхъум, Карлсон каналым къыIуагъэкIащ, и нэтынри зэхуащIыжащ. Журналист Iэзэр абы мащIэу игъэдзыхами, и лэжьыгъэр нэхъ гъэщIэгъуэныж ищIа фIэкIа, и мурадхэм пагъэкIыфакъым. Урысейм и къалащхьэ Мэзкуу зэрыкъабзэр, абы щилъагъу цIыхухэри зэрыгуапэр, урысхэм пцIы куэд зэрытралъхьэр унейуэ игъэлажьэ и каналым сыт щыгъуи къыщегъэIу журналистым.

Абы псэлъэгъу хуэхъуа Лавров Сергей и гугъу тщIымэ, ар Урысейм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ министрым и IэнатIэм 2004 гъэ лъандэрэ пэрытщ. 1992-1994 гъэхэм министрым и къуэдзэу лэжьащ, иужькIэ илъэси 10-кIэ къэралым и лIыкIуэу ООН-м щыIащ. ИнджылызыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, сингалыбзэкIэ мэпсалъэ.

Рекламэ хъарзынэ и нэтыным хуэзыщIа Карлсон и интервьюм цIыхухэр киноущIэм ещхьу пэплъащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. ИпэжыпIэкIи абы мыхьэнэ абрагъуэ иIэт зэпэщIэува лъэныкъуитIым ягу илъ тщIэнымкIэ, зэгурыIуэн мурад зэраIэр дуней пащхьэм щагъэIуэнымкIэ. Лавровым къигъэнэIуа гупсысэр зым и дежкIи щэхукъым: Урысейм къыгуроIуэ Америкэм е Европэм щыпсэу цIыхубэр къызэремыныкъуэкъур. Лей зезыхьэр ди къэралым гуапэу къыхущымыт къэралхэм унафэ щызыIэрагъэхьауэ, цIыхухэр гугъу езыгъэхь администрацэхэрщ. «Дунейпсо цIыхубэм я хьэтыркIэ Урысеймрэ США-мрэ щIызэдэмылэжьыфын щхьэусыгъуэ щыIэу дэ тлъагъуркъым», - жриIащ Лавровым журналистым. Министрыр гурыIуэгъуэу тепсэлъыхьащ Урысейм ядернэ Iэщэ иIэ щхьэкIэ, ар ищхьэусыгъуэ закъуэу къилъытэри хабзэм къигъэуври къэралым зихъумэжыным ирахулIэнрауэ зэрыщытыр. ЖытIэм и щыхьэтщ интервьюм щыщ пычыгъуэхэр:

Карлсон Такер: Уэ США-мрэ Урысеймрэ зэзауэу къэплъытэрэ?

Лавров Сергей: Апхуэдэу жысIэнтэкъым. Дэ абы дыхущIэкъуркъым икIи ди гъунэгъу псоми, США-м хуэдэ къэрал инхэри яхэту, фIыкIэ дадекIуэкIыну дыхэтщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, Америкэм иджыпсту щылажьэ администрацэр Iуэхум нэгъуэщIу зэреплъыр. Апхуэдэу щымытамэ, Украинэм щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэри къэхъунутэкъым, Москва къеныкъуэкъун папщIэ США-м а къэралыр къигъэсэбэпынутэкъым Дэ Iуэхур нэхъ Iеиж дымыщIыну дыхэту аращ. Урысейм «Атакамс» лагъымым хуэдэ Iэщэ жыжьэрыуэхэр къыщытрагъапсэкIэ, дэри фIы зигу имылъхэр къэдгъэувыIэну ди къалэнщ. Иджыблагъэ «Орешник» IэмэпсымэщIэмкIэ яхуедгъэхьа хъыбарыр къагурыIуауэ дыщогугъ.

Карлсон Такер. Сытыт дунейм жефIэну фызыхуейр а Iэщэр зэрывиIэм и хъыбар щевгъащIэм?

Лавров Сергей. США-мрэ абы и дамэгъухэмрэ, Киев жыжьэрыуэ Iэщэ къыхуезыгъашэ псоми къагурыIуэн хуейщ дэ ахэр зыщIэхъуэпсым зэрытедмыгъэIэбэнур, Iэмалу диIэр къызэрыдгъэсэбэпынур. КъухьэпIэр мэныкъуакъуэ езыхэм я тепщэныгъэр дэтхэнэ къэралми, дэтхэнэ континентми щагъэувыну хэту. Дэ дыхуитщ ди къэралым и шынагъуэншагъэр тхъумэжыну.

Лавровым америкэн журналистым къыгуригъэIуащ Украинэм и щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр зыIэрагъэхьэну щIэхъуэпсхэм, «ахэр урысхэм яIэрыдгъэхьэ хъунукъым» жызыIэхэм япэщIэмыту щIэмыхъур. Абыхэм псори зралъэфэлIэну хэтщ. «Дэ дыщIэзауэр ди адэжьхэм лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэрэ къалэхэр яухуэу, заводхэр зэрагъэпэщу, щIым телажьэу яухуа къэралыр тхъумэн папщIэщ», - жиIащ Лавровым. Министрым Карлсон игу къигъэкIыжащ зэпэщIэтыныгъэм щIыщIидза щхьэусыгъуэхэр. ИпэжыпIэкIэ Урысейм къыпэщIэувар Украинэракъым, атIэ иужьрейр къэзыгъэсэбэп КъухьэпIэрщ. Урысыбзэр, урыс щэнхабзэр, диныр, литературэр щамыдэжу хъуат а къэралым, ар зигу темыхуэхэр яукIыу щIадзат. «Урысейм украинхэр зэтриукIэну и мурадкъым, абы щыпсэухэр урысей цIыхубэм я дэлъхущ, я шыпхъущ», - жиIащ Лавровым. Министрыр и щхьэр течауэ тепсэлъыхьащ «америкэнхэм я IэбэкIэми»: япэщIыкIэ къаугъэ къагъэхъейри, итIанэ ар къызарэгъэщхьэпэнум йогупсыс.

Карлсон Лавровым къеупщIащ президенту хаха Трамп къызэрыщыхъумкIэ. «Путинымрэ абырэ щызэхуэзахэм щыгъуэ, сэри зыбжанэрэ сыIущIауэ щытащ зиусхьэн Трамп, - итащ жэуап Лавровым. – ИужькIэ и лэжьапIэ пэшми тIэунейрэ сыщригъэблэгъащ, зэгурыIуэныгъэ зэтщIылIэным и Iуэху щызетхуэм. Зыхуейм теIэбэф, и мурадыр жыжьэ зымыгъэтIылъ цIыху къаруущIэу къызолъытэ, апхуэдэ хьэл иIэу къысщохъу. УщыдэуэршэркIэ гуапэ дыдэщ. Ауэ абы къикIыркъым Трамп Урысейм и телъхьэу».

Иужьрей упщIэхэм язт Карлсон ядернэ Iэщэ «зэхуэгъэдэлъэным» и гугъу зэрищIар. Лавровым зэрыжиIэмкIэ, США-м къызэрыфIэщIым хуэдэу ар «гъэмэщIауэ» къэбгъэсэбэпынри щыуагъэщ, абы къикIыр тIури дызыхуэмей къаугъэм дунейпсо цIыхубэр хэддзэу аращ.

Щэнхабзэмрэ политикэмрэ зэIэпэгъущ

Дыгъэгъазэм и 8-м Истамбыл щызэхэтащ илъэс къэс ирагъэкIуэкI «Пантин хьэндырабгъуэ дыщэ» саугъэтым иращIэкI пшыхьыр.

ЩЭНХАБЗЭРИ политикэри щызэхэт ди гъащIэм гулъытэр щызыхьэхур гъэщIэгъуэнымрэ щхьэпэмрэщ. Апхуэдэхэм язу къыщIэкIащ Тыркум и президент Эрдоган Таийп Газиантеп къалэм щыIэу щIалэгъуалэм щепсэлъа махуэм жиIахэр. Тырку лIыщхьэм зэрымыщIэкIэ игу къэкIыжащ езымрэ УФ-м и Президент Путин Владимиррэ хуэдэу къэрал зехьэкIэм хэзыщIыкI цIыху нобэрей дунейм зэрытемытыр: «Ар щIыжысIэр си щхьэр къыхэзгъэщын папщIэкъым, ауэ сэ илъэс 22-рэ хъуауэ зызохьэ мы къулыкъур, апхуэдиз илъэскIэ и IэнатIэм пэрытщ Путин Владимири. Аращи, дэ тIум хуэдэу и лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI тепщэ иджыпстукIэ щыIэкъым».

Апхуэдэу щIэщыгъуэу ежьа хъыбарым щэнхабзэм зыщиукъуэдиящ. А махуэ дыдэм Истамбыл щызэхашащ 1972 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI, щэнхабзэм нэхъ пщIэ щызиIэ саугъэтым ещIэкIа дауэдапщэр. Зэхьэзэхуэр зи жэрдэмри абы епха пшыхьыр зэзыгъэпэщри махуэ къэс Тыркум къыщыдэкI «Хуитыныгъэ» газетырщ. Мылъкур къызыбгъэдэкI «Пантин» IуэхущIапIэм и цIэр зэрыкIэрыпщIами артистхэм я зэхэтыкIэми уигу къегъэкI США-м и киногъуазджэм нэхъ лъапIэ дыдэу къыщалъытэ «Оскар» тыгъэм къыдекIуэкI Iэуэлъауэшхуэр. «Дыщэ хьэндырабгъуэми» гъущI лъапIэм къыхэгъэжыкIа фэеплъ щхьэхуэ дыщIыгъущ, хьэндырабгъуэ щIыкIэу щIауэ. Ауэ ар зыхуэгъэфэщапхъэр къыхэзыхыр къэпщытакIуэхэракъым, «Хуррием» газетым и щIэджыкIакIуэхэрщ. «Сериал нэхъыфI дыдэ», «Актёр нэхъыфI дыдэ», «Актрисэ нэхъыфI дыдэ», «Сценарист нэхъыфI дыдэ», «Режиссёр нэхъыфI дыдэ» хуэдэу, пщIы бжыгъэм щхьэдох мы зэхьэзэхуэм и унэтIыныгъэхэр. Мы гъэм дауэдапщэр зэрырагъэкIуэкI бжыгъэр 50 ирикъуащ.

Дэтхэнэ ехъулIэныгъэми и щIыбагъым лэжьыгъэшхуэ къыдэлъщ. Илъэс псом цIыхубэр тезыгъэуа джэгуакIуэхэр утыку къыщихьэкIэ, абыхэм я ролхэр къэгъэнауэ, я цIыху щIыкIэр, дуней тетыкIэр, IэщIагъэм зэрыхэт кууагъыр наIуэ къохъу. Псом япэ къыхэгъэщыпхъэщ дауэдапщэр къызэрызэIуаха «ЩIыхь саугъэтыр» зратахэм тырку цIыхубэм фIыуэ ялъагъу, адыгэ щылъху артисткэ Шорай Тюркан зэрахэтар. УедэIуэным и мызакъуэу, уеплъыну гъэщIэгъуэнт зи напIэ къыдэзымыхьейуэ утыкум ита, «Сценарист нэхъыфI дыдэ» тыгъэр зрата Шахин Неджати. Тырку цIыхубэр тIу изыщIыкIа дуней тетыкIэр нэхъ пасэу зи гугъу тщIа «Гулъ плъыжьхэм» хэзыгъэзэгъэфа сценаристым зыкъиумысащ а фильмым къыхэщ Зейнэб и хъыбарыр езым и анэм деж къызэрыщежьамкIэ. Еджэным хуэпабгъэ хъыджэбзым а Iэмалыр зыIэригъэхьэн папщIэ, гугъуехьышхуэм пхыкIын хуей мэхъу. «Еджэным щIэхъуэпсрэ пэт, апхуэдэ Iэмал зымыгъуэта, иджы дунейм ехыжа анэм срикъуэщ сэ, - жиIащ сценаристым, псалъэ ирата нэужь. – Насып сиIэти, си адэр цIыху щабэт, сызыхапIыкIа унагъуэми лей щызыхэсщIакъым. Ауэ а гуращэр зрамыгъэхъулIэфу нобэхэми хъыджэбз куэд дыдэ зэрыщыIэр сощIэ. Ди лэжьыгъэм и мыхьэнэуэ слъагъури а Тыркум и гулъ плъыжь цIыкIухэр зыщIэхъуэпс щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ягъуэтынырщ.

А фильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзащIэ Языджиоглу Мерт хуагъэфэщащ «Актёр нэхъыфI дыдэ» саугъэтыр. ЦIыхубэм ягу зыкIэрыпщIа щIалэм и къэпсэлъэныгъэр фIыщIэкIэ гъэнщIат: зэи и закъуэу къэзымыгъанэ и Iыхьлыхэм, и лэжьэгъухэм, и ныбжьэгъухэм я гуапэ зэрищIын псалъэ щIэщыгъуэхэр къигъуэтыфащ артист щIалэм. «Актрисэ нэхъыфI дыдэу» тырку цIыхубэм къалъытар «Бахар» фильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIа Эвгар Деметщ. ИщхьэкIэ зи цIэ къитIуа Шахин Неджати пэджэжым ещхьу, Эвгари тепсэлъыхьащ цIыхубзхэр зэрыдакъузэм: «Сэ Эвгар Деметым и пIэкIэ Эвгар Мехмет гуэру сыщытамэ, мы саугъэтыр нэхъ тыншыжу къэсхьынкIи хъунут. Си ролым къыщызгъэлъэгъуэну сызыхуеяр цIыхубзым зыузэщIыпIэ зэригъуэтын хуейрщ. Дэнэ лъэныкъуэкIи уплъэмэ, нобэми цIыхухъухэр пэрытщ, псори нэхъ тыншу къаIэрохьэ. А щытыкIэр зыгуэркIэ схъуэжыфауэ къыщIэкIмэ, си къалэныр згъэзэщIауэ къысщыхъунущ».

Къудамэ куэду зэхэт «Дыщэ хьэндырабгъуэм» сабий актёрхэр нэгъунэ щагъэлъэпIащ, фIыкIэ зыщыгугъ щIалэгъуалэри къыхагъэщащ. Щэнхабзэр апхуэдэу щагъэлъапIэ щIыналъэу ущытыным нэмыщI, цIыхубэмрэ гъуазджэм хэт цIыхухэмрэ зэрызэлъэIэсым и щыхьэт хъуащ «Дыщэ хьэндырабгъуэм» и дауэдапщэр.

● Сытхэр уи псэукIэ, къуажэ?

ХЪУСИН Амир:

«Ди къалэнхэр сыт щыгъуи зэрыщытауэ къонэж»

ПщэдджыжькIэрэ а унэмкIэ сыщыблэкIкIэ, и гупэм псоми фIыуэ тцIыху автомашинэр Iутмэ, согуфIэ: ираджакъым, апхуэдэу щыщыткIэ, узым зыри къигъэгузэвакъым.

ЗИ ГУГЪУ сщIыр Куба къуажэм и дохутыр амбулаторэрщ. Абы и унэщIэр ди республикэм лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзащIэм и гъуджэщ. Кърагъажьэри, пIалъэ кIэщIым зэфIагъэуващ, къызыхуэтыншэу. ЖыIэн хуейщ езы «амбулаторэ» псалъэри кубадэсхэм я дежкIэ щIэуэ зэрыщытри. Нэхъапэм мыбы щыIар къуажэ сымаджэщщ. Колоннэ дахэхэр Iуту къатитIу зэтет а унэр блэкIа лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм, уеблэмэ район сымаджэщуи щытащ. Операцэхэр щащIырт, лъхуапIэ хэтт. Ауэ абы лъандэрэ псы куэд ежэхащ, езыри кхъахэ хъуащ. Зэгуэр зыкъизыхыу щытар, къелъэхъшэхыурэ, иджы амбулаторэм хуэкIуащ.

- Дауи, къуажэ сымаджэщымрэ амбулаторэмрэ я зэфIэкIкIэ зэхуэдэкъым. Япэрейр IуэхущIапIэ щхьэхуэщ, апхуэдэм и хуитыныгъэ псори иIэу. Дэ район сымаджэщым дыщыщщ, и зы IэнатIэщ, - жеIэ амбулаторэм и унафэщI Хъусин Амир. - Ауэ абы къикIыркъым цIыхухэм я узыншагъэмкIэ тхьы жэуапым кIэрыхуу: ди Iуэху зехьэкIэхэм захъуэжми, ди къалэнхэр сыт щыгъуи зэрыщытауэ къонэж. Ахэр псом япэу зыхуэгъэзари, къэсымэджам сыт и лъэныкъуэкIи икIи и чэзум дыдэIэпыкъунырщ. Дауи, абыхэм яхохьэ цIыхур къэмысымэджэным егъэщIылIауэ махуэ къэс зэфIэгъэкIын хуейхэри.

2006 гъэм ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ къудамэр къиуха иужь, Налшык къалэм, Бахъсэн районым, хэбгъээзыхьмэ, лъэхъуэщым узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щезыхьэкIа Хъусиным, дауи, фIыуэ ещIэ зытепсэлъыхьыр. Куба къызэрыщалъхуар икIи къызэрыщыхъуар, абы щыщ куэдым благъагъэрэ цIыхугъэкIэ зэрапыщIар къэплъытэмэ, и къуажэгъухэр зыхуэныкъуэхэмрэ ахэр зыщIэхъуэпсхэмрэ кууэ зэрыщыгъуазэми шэч хэлъкъым.

Зэрыгурыuэгъуэщи, нэхъыбэу зытригъащIэр езымрэ и унафэм щIэтхэмрэ я лэжьыгъэрщ, ар зэпэщу ирахьэкIын папщIэ яIэ Iэмалхэрщ. Абыхэм заубгъуащ унэщIэ зэрыхуаухуэрэ. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ: «Узыншагъэ» лъэпкъ проектыр, дауи, зыхуэгъэзар унэщIэхэр яухуэн е щыIэхэр къанэ щымыIэу къагъэщIэрэщIэжын къудейркъым. УвыпIэшхуэ щеубыд ахэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ, хущхъуэхэмкIэ, нэхъыщхьэращи, зи IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI лэжьакIуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным. Абы и лъэныкъуэкIэ къэралым и хьэкъ къызытринэркъым.

- Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейт ди деж дохутыри7зэрыщылажьэр,- къызжиIащ Хъусиным - терапевтитI - Къуэдзокъуэ Джулианэрэ Жэнэтай Астемыррэ, педиатритI - Къанкъул Валерэрэ Хуртаевэ Марьямрэ, гинеколог Шыгун Милонэ, сэ, дохутыр-лаборант ДыщэкI Леся. Ди щIэгъэкъуэныфIщ фельдшери 4-мрэ медсестра 16-мрэ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и шофери 4-р, санитари 2-р. Ар къару цIыкIукъым.

- Хэбгъээзыхьмэ, къарушхуэщ. Ауэ дэнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ апхуэдиз дохутыр къыздифхар? Мы къуажэм сыщыпсэу пэтми, сэ уэ, Къанкъул Валерэ, ДыщэкI Леся сымэ фIэкIа адрейхэм я цIэхэр иджы фIэкIа зэхэсхакъым. Дэнэ ахэр къыздикIар? - сыщIэупщIащ сэ.

- Ар зи фIыщIэр «Къуажэ дохутыр» къэрал программэрщ. Уэри, дауи, ущыгъуазэу къыщIэкIынщ абы IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм я дежкIэ IэмалыфIхэр къызэрызэIуихым. Ахэр къагъэсэбэп. Ди деж я Iуэху нэхъ къыщикIыну къалъытэри, къытхуэкIуащ икIи щIегъуэжауэ си гугъэкъым. Сыт хуэдэу щымытами, Куба дэзэгъащ, цIыхухэм хъарзынэу зыкърагъэлъэгъуащ, куэдым ядоIэпыкъу.

Иджы IэмэпсымэхэмкIэ фыкъызэрызэгъэпэщам и гугъу уэзгъэщIынут.

- Къытхуэкlуэхэм анализхэм я нэхъыбэр мыбы къащыIыдох, хущхъуэхэр щахудотх. МыувыIэу мэлажьэ ди клинико - диагностикэ лабораторэмрэ физиокабинетымрэ. Иджы апхуэдэхэр яIэщ амбулаторэхэм. Ауэ «биохимие»-р ди районым щыщ къуажэхэм щащIкъым, ди закъуэщ ар зыхузэфIэкIыр, - зэрыригушхуэр плъагъуу жэуап къызет Амир. - Ар зи фIыгъэри ди дохутыр-лаборант ДыщэкI Леся и зэфIэкIырщ.

Сэ къестхэкIыжынукъым цIыхухэм мы амбулаторэм щыхуащIэ Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэхэу Хъусиным кърибжэкIахэр - ахэр куэд мэхъу.

НаIуэу зэрыщытщи, сымаджэр бгъэхъужын нэхърэ ар умыгъэсымэджэныр, и узыншагъэм хуэбгъэсакъыныр нэхъ тыншщ. Ауэ ар зэ еплъыгъуэкIэщ. Куэдыр (псом хуэмыдэу къуажэдэсхэр) узым ириудыхукIэ «къикIуэтыркъым», езыр-езыру къызэфIэувэжыным щогугъ. Ар къигъэлъэгъуащ, псалъэм папщIэ, «коронавирускIэ» зэджэ пандемие бзаджэм и зэманми. Дохутырхэм (зи гугъу тщIы амбулаторэм и лэжьакIуэхэри яхэту) я псэемыблэж лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ гъащIэ куэд къызытенащ. Узым ухуэбэлэрыгъ хъунукъым. Ар пасэу къэхутэнырщ икIи хэмыгъэкIэсэнырщ нэхъыщхьэр. ТерапевтитIым Куба IыхьитI иращIыкIри, я кIэлъыплъыныгъэм щIагъэуващ. Педиатрхэм я кIуапIэр еджапIитIымрэ сабий садымрэщ. Дохутырхэр зэпымыуууэ яхуозэ еджакIуэхэм, абыхэм ныбжьыщIэхэр хуаущий узыфэ куэдым зэрызыщахъумэнум. Мыбы а Iуэхум апхуэдизу мыхьэнэшхуэ щратри, хэбгъэзыхьмэ, Амир сызэрыхуэзэу япэу икIи къытригъэзэжурэ къыхигъэщар аращ.

Мис апхуэдэщ зэгуэр райцентру щыта, иджы пхыдзауэ къалъытэ Куба и гъащIэм щыщ зы лъэныкъуэр. КъэщIэрэщIэжа амбулаторэр зытет уэрамым узэпрыкIмэ, къыщытщ ТхьэкIумащIэ Андулыхь и цIэр зезыхьэ школым и унэ абрагъуэу нэхэр пIэпызыхыр. Ар зэраухуари, сабий садым и иджырей псэуалъэ зэрыпащIыхьри, Куба хуэкIуэ гъуэгуу километр 13 зи кIыхьагъыр къыпхуэмыцIыхужыну зэрырагъэфIэкIуари лъэпкъ проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым егугъуу зэрыщагъэзащIэм я щыхьэтщ. Аращи, мы IуэхущIапIэм и закъуэкъым лэжьыгъэфI щызэфIахыр.

- Дэ хуабжьу дигъэгушхуащ ди унэщIэр къызэрызэIуахым егъэщIылIа дауэдапщэхэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэрыхэтам, - къызжиIащ Хъусин Амир дыщызэбгъэдэкIыжым.

- Абы къегъэлъагъуэ къэралым и нэIэ къызэрыттетыр, абы сыт и лъэныкъуэкIи зыкъытщIигъэкъуэну зэримурадыр. Дэ къытхуэнэжыр ар къызэрытщыгугъыр дгъэпэжынырщ.

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

«Хы тхьэрыкъуэм» узригъэгупсысхэр

Чехов Антон и пьесэ нэхъ цIэрыIуэхэм язщ нобэ дызытепсэлъыхьыну «Хы тхьэрыкъуэр». Дунейм къызэрытехьэрэ дызыхуэкIуэ илъэсым илъэси 130-рэ ирикъуну пьесэр езыр гъэщIэгъуэну зэрызэхэлъым нэмыщI, тхакIуэм абы дишэчар апхуэдизкIэ уи нэгум къыпхущIэмыгъэхьэнщи, нобэ Чеховым иIэ пщIэр тыншу къызэрыIэрымыхьар уи фIэщ ещI.

ЛИТЕРАТУРЭМ нэхъыбэрэ тепсэлъыхьхэм яз тхакIуэ, публицист Жаринов Евгений Чеховым и пьесэхэр къызэрыбгурыIуэн хуейм теухуауэ гупсысэ гъэщIэгъуэн къиIуэтащ. Газетхэм нэхъ кIыхь къызэрыхутрамыдзэм къыхэкIыу, анекдотым хуэбгъадэ хъуну Iуэтэж кIэщI цIыкIухэмкIэт Чеховыр къызэрацIыхуар. Абы пьесэ итхын щыщIидзам, Норвегием - Ибсен Генрик, Бельгием – Метерлинк Морис драматург цIэрыIуэ щыхъуну хунэсакIэт. Жариновым зэрыжиIэмкIэ, а щым я фIыгъэкIэ пьесэ жыпхъэм и мыхьэнэм къыпхуэмыцIыхужыну зиузэщIащ. Псалъэм папщIэ, драмэ лIэужьыгъуэхэмкIэ Iэзэ Шекспир, Лопе де Вегэ, Мольер сымэ я теплъэгъуэхэр зытеухуар зы Iуэхугъуэ закъуэщ. Ибсен, Метерлинк, Чехов сымэ зэхалъхьэ пьесэхэр романым хуэбгъэдэфын хуэдизу, унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ зэхэкIыу апхуэдэщ. А гупсысэр зэрыпэжым и щыхьэту къоув зи гугъу тщIы «Хы тхьэрыкъуэри».

Сыт тхыгъэм къежьапIэ хуэхъур? Жэуап куэд къыхуэбгъуэтыфынущ а упщIэм. Чеховым езым и нэкIэ илъэгъуат сурэтыщI Левитан Исаак хы тхьэрыкъуэ гуэр зэриукIар. Лажьэ зимыIэ бзур цIыхум и гукъыдэж щхьэзыфIэфIым зэрытекIуэдар гущIэгъу зыхэлъ дохутырым игу къинэжауэ къыщIэкIащ. Куэдым жаIэ пьесэм лъабжьэ хуэхъуа лъагъуныгъэ хъыбарри зэпхар Левитану. Ауэ хэт шэчыншэу жызыIэфынур тхакIуэм и шакъэр зыхигъауэ гъащIэ Iыхьэр?!

«Хы тхьэрыкъуэм» щаукIыр бзум и закъуэкъым. Чеховым а теплъэгъуэ дыдэм нэгъуэщI купщIэ щIелъхьэ: зи насып къэкIуэгъуэ хъыджэбз Заречнэ Нинэ пьесэм роль нэхъыщхьэхэм яз щызыгъэзащIэ Тригориным пIалъэ кIэщIкIэ дехьэхри, игури и къэкIуэну махуэ къабзэри хуекъутэ. Абы зэрыпэщIэувэн къару зыдэзымыгъуэтыжа, хъыджэбзыр фIыуэ зылъагъу Треплевым зеукIыж. Къуажэхьу тхакIуэм сыт къигъэнар жыпIэмэ, «Хы тхьэрыкъуэм» комедие зэрыфIищарщ. Дауэ зызыукIыж лIыхъужь зыхэт пьесэм комедие зэрыфIэпщынур? Пэж дыдэр хэт ищIэн, ауэ адыгэбзэкIэ «дыхьэгъ» жыхуэтIэ жыпхъэрщ ар зыхуэкIуэр. Треплевым хуэдэ щIалэгу къабзэм зыщIиукIыжын хуэдиз хъуртэкъым пьесэм я Iуэху дэкIрэ цIэрыIуэу къыхэува Аркадинэмрэ Тригоринымрэ я дуней тетыкIэр.

Театрым и зэманыгъуэм щыгъуэ пьесэр гъэувын хуейуэт къызэралъытэр, укъеджэныр яфIэмащIэт. «Хы тхьэрыкъуэр» япэу щагъэува Александринскэ театрым ар «щыкIуэцIрыхуащ». Езы Чеховым зигъэпщкIури, щэхуу театрым щIэкIуэсыкIыжауэ щытащ, апхуэдизкIэ гукъутэт тхыгъэм и япэ утыку ихьэгъуэри. Нэгузыужьымрэ дыхьэшхэнымрэ зыхуэзыгъэхьэзыра цIыхухэр иджыри хуэхьэзырткъым тхакIуэм и гупсысэ кууххэу гъащIэр къызэзыгъэдэзэкIхэм. «Хы тхьэрыкъуэр» зыубхэр апхуэдизкIэ куэд хъуати, уеблэмэ Чеховыр хы тхьэрыкъуэм тесу лъатэу карикатурэ ящIауэ щытащ. Актёрхэм жаIэн хуей псалъэхэр зрагъэщIатэкъым икIи зытепсэлъыхьыр къагурыIуэртэкъым. ЩытыкIэм зэуэ зихъуэжащ илъэсищ дэкIа нэужь, «Хы тхьэрыкъуэр» щIэуэ къэунэхуа, Станиславский Константинрэ Немирович-Данченкэ Владимиррэ я театрыщIэм щагъэувыжа нэужь. Станиславскэм Тригориным и ролыр игъэзэщIащ, иужькIэ тхакIуэм щхьэгъусэ хуэхъуа Книппер Ольгэ – Аркадинэм ейр.

«Хы тхьэрыкъуэр» езы театр гъуазджэмрэ литературэмрэ ятеухуауэ пхужыIэнущ. ТхакIуэ цIэрыIуэ Тригоринымрэ артисткэ цIэрыIуэ Аркадинэмрэ я пащхьэм щокIуэкI тхэн щIэзыдза Треплевымрэ артисткэ хъуным щIэхъуэпс Заречнэмрэ я гъащIэр. ЦIыхубэм ягъэфIахэм я губыдагъым и Iэужьу, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ насыпыншэ мэхъу. Чеховым сыт щыгъуи зы гупсысэ закъуэкъым зэхыуигъэхыр: театрыншэу упсэуфынукъым щыжиIэм деж, театрыр лейщ жызыIэ гуэри къыхегъэувэ тхыгъэм. ТхакIуэхэмрэ литературэмрэ, артистхэмрэ театрымрэ апхуэдиз пщIэ яIэ щхьэкIэ, а IэщIагъэхэм зезытахэм цIыху пэжу къахэкIыр апхуэдизкIэ мащIэщи, абыхэм къагъэлъагъуэ щапхъэ Iейм цIыхубэр тоунахъуэ. Армырауэ пIэрэ Чеховым дигу къигъэкIыну зыхэтар? Треплевыр и анэ-артисткэм къызэрырымыгъэлыфари Заречнэр Тригорин-тхакIуэм къызэригъэпцIари щыплъагъукIэ, апхуэдэ дыдэу лъапIэу пIэрэ литературэр, щэнхабзэр, гъуазджэр жумыIэнкIэ Iэмал имыIэу, упщIэ ткIий къытхуегъэув Чеховым. Аращ ар хуэфащэу дунейпсо классикэм и Iыхьэ щIэхъуар.

«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ**.

Мухьэдин ныбжьэгъухэр зэхуешэс

Налшык къалэм Kishev Art Iуэхущiапiэм щекiуэкiащ «Традиции и современность в творчестве Мухадина Кишева» пресс-конференцыр. УФ-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Художественнэхэмкiэ Урысей Академием хэт КIыщ Мухьэдин къызэралъхурэ илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща зэхыхьэ гуапэр теухуауэ щытащ абы и гъащIэмрэ гуащIэмрэ.

- ГЪУАЗДЖЭМКIЭ ди жьэгум хьэщIэ лъапIэхэр япэу фыкъызэрытхуеблэгъар Мухьэдинрэ сэрэ ди гуапэщ! Испанием дыщыпсэуми, Мухьэдин и гур сыт щыгъуи щалъхуа щIыналъэмкIэ щыIэщ. Гуапэщ Мухьэдин къыщалъхуа махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыщигъэлъапIэр, и лъэпкъэгъухэм, и ныбжьэгъухэм, благъэхэм, Iыхьлыхэм я гъусэу! - жиIащ сурэтыщIым и щхьэгъусэ Жаклин.

- «Дапхуэдизрэ дыгъужьыр умыгъашхэми, мэзымкIэ маплъэ», - адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэщи, си Хэкужьымкiэ - УрысеймкIэ, Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ - зэпымыууэ си гур щыIэщ. Зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIа дэтхэнэри фыслъагъуну си гуапэщ! ЗэрыфщIэщи, сурэтыщI гъуазджэр си гъащIэм къыгуэхыпIэ зимыIэщ, - жиIащ КIыщ Мухьэдин.

Сурэт щIыным зэфIэкIышхуэ щызиIэ КIыщ Мухьэдин и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ тепсэлъыхьащ зэманзэманкIэ абы и творчествэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэмрэ зыужьыныгъэмрэ.

Илъэс куэд щIауэ Мухьэдин зыцIыху публицист, зэдзэкIакIуэ, радиожурналист Мэремкъул Ларисэ и псалъэм къыхигъэщащ сурэтыщIым и Iуэхур ефIэкIуэнымкIэ и щхьэгъусэ икIи и менеджер Жаклин щIэгъэкъуэнышхуэ зэрыхуэхъуар.

КъБР-м и цIыхубэ художник Бгъэжьнокъуэ Заурбэч игу къигъэкIыжащ Мухьэдинрэ абырэ Краснодар зэрыщызэдеджар, и ныбжьэгъум и гъащIэр тыншу зэрыщымытар, и адэр Хэку зауэшхуэм зэрыхэкIуэдар, и анэм дэлэпыкъун папщIэ, еджэным къыщыдэхуэкIэ, ар заводым щылажьэу зэрыщытар. Бгъэжьнокъуэм щIигъужащ Мухьэдин и гъащIэмрэ и творчествэмрэ КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ зэрыщызэхуэхуэнар, апхуэдэу зэщхьэгъусэхэр щыпсэу Испаниеми ижь и лэжьыгъэхэм къазэрыщIихуар. Абы жиIащ Мухьэдин и сурэтхэм ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм, бгыхэм, къурш уардэхэм увыпIэфI зэрыщаубыдыр, КIыщым и дуней лъагъукIэр, зыми хэмыгъуащэ и Iуэху еплъыкIэхэр и лэжьыгъэ щхъуэкIэплъыкIэхэм зэрыхэплъагъуэр, дяпэкIи и сурэт купщIафIэхэр игъэлъэгъуэну, Жаклинрэ абырэ узыншагъэ быдэ яIэу, зэкIэрымыхуу илъэс куэдкIэ зэдэпсэуну зэригуапэр.

- Псоми фIыуэ ялъагъу дыгъэр, нэхурэ хуабэрэ зыдз абы и бзийхэр щыкуэдщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэм. Уи ныбжьыр илъэс 90 щрикъур Iэмал имыIэу слъагъуну сыхуейщ! Щхьэгъусэ, щIэблэ дахэ уиIэщи, дыгъэм гу щыпхуэну, макъамэм хуэдэу уи гъащIэр дахэу епхьэкIыну сынохъуэхъу, куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу, Мухьэдин! Республикэм и сурэтыщIхэм гушыIэу зэхыхьэхэм щыжаIэ Жаклин зырыз яIам дуней псор къахьэхуфыну зэрыщытар. Мухьэдинрэ Жаклинрэ фызэрыщыIэр фIыщ! Тхьэм фыкъихъумэ! - жиIащ КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэIупэ Джэбрэiил.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Гуапэу дыкъызэдокIуэкI

● Хъуэхъу

САБИИГЪУЭМ дыхуоплъэкIыжри, дыгъуасэ хуэдэщ ар къыщызэднэкIар. БалигъыпIэ дызэриувэри куэд щIащ, щхьэж и гъащIэ гъуэгуи пхытшащ. ИтIанэми, къыщIэдзапIэм дыщызэгъусащ, сабиигъуэм и IэфIыпIэри, щIалэгъуэ пасэм и дахэгъуэри зэдэдгъэкIуащ, гуимыхужи тщыхъуащ.

Илъэс щэ ныкъуэ гъуэгу... Iэджэ фIыгъуэкIэ гъэнщIат ар, къыщежьари Шэрэдж Ищхъэрэ (Къуэжьыкъуей) жылэжьым и щIэныгъэ кIыщращ. Япэ лъэбакъуэхэр гъащIэм хыдэзыгъэча ди егъэджакIуэхэмрэ ущиякIуэхэмрэ нобэми ди гъуазэщ. Абы къытхалъхьаращ дунейм гушхуауэ дытезыгъэтыр, ди цIыхугъэр зыпсыхьыр.

Иджы дынышщIэтхэм и щхьэусыгъуэм теухуауэ.

Къыддеджа щIалэхэм илъэситху къэс дызэхуашэсурэ а гукъэкIыж IэфIхэм дыхыхьэжыну Iэмал къыдат цIыхубзхэм. А гулъытэм пэкIуэжын фIыщIэ гуапэ псалъэ къэтлъыхъуэу, дыхуейт къэблагъэ ИлъэсыщIэмкIи еджапIэр къызэрыдухрэ илъэс 50 зэрырикъумкIи псоми дынывэхъуэхъуну. Узыншагъэ, мамырыгъэ, насып фи унагъуэхэм илъыну Тхьэм жиIэ.

Къывдеджа бзылъхугъэхэр.

Ди лъэпкъэгъухэм траухуа лэжьыгъэ нэхъыфIхэр

КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа «Адэжь щIыналъэм: Къэбэрдей-Балъкъэрыр - ныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я республикэщ» журналист зэпеуэм щытекIуахэр республикэм и Жылагъуэ палатэм щагъэлъэпIащ.

- ЗЭПЕУЭР екIуэкIащ Хэкум къекIуэлIэжа ди лъахэгъухэм, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я гъащIэр къэгъэлъэгъуэнымкIэ журналистхэм, къэрал, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я гупсысэхэр зэуIу ящIу. Зэпеуэм я лэжьыгъэхэр кърагъэхьащ редакцэхэм, журналистхэм, зэгухьэныгъэхэм. ИкIи нэхъыфIхэр къыхахащ, - жиIащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIа, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ Фатимэ.

- Зэпеуэм кърагъэхьа лэжьыгъэхэм къахэтхащ нэхъ купщIафIэхэр. Мы Iуэхур илъэс къэс идогъэкIуэкI едгъэфIакIуэурэ. ДяпэкIэ гулъытэ хуэтщIыну ди гугъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм щыIэ псэукIэм, хамэ къэралхэм къиIэпхъукIыжа ди лъахэгъухэр зэрыхэзагъэм теухуа тхыгъэхэм. Сыту жыпIэмэ, щIэупщIэ едгъэкIуэкIахэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди щыIэкIэ-псэукIэм теухуа хъыбар нэпцIхэр хамэ къэрал щыIэхэм щалъэIэс щыIэщ. Абыхэм ялъэдгъэIэсын хуейщ пэжыр.

- Зи лэжьыгъэм пщIэ игъуэта дэтхэнэми сынывохъуэхъу! ЕтIанэгъи дыпэплъэнущ тхыгъэ, нэтын щIэщыгъуэхэм, - жиIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамболэт.

Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ Хэкум къэзыгъэзэжахэмрэ я гъащIэмрэ я псэукIэмрэ нэсу къызэрагъэлъэгъуам папщIэ министерствэм и щIыхь тхылъ хуагъэфэщащ Жылокъуэ Люсаннэ, КIэрэф Жамболэт, Сэкрэк Анжелэ, Жыгуэ Иннэ, Багъэтыр Луизэ, Гугъуэт Заремэ, Щэрдан Лилианэ сымэ.

НАФIЭДЗ Данэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЕрыскъыхэкIхэмрэ псыхэкIхэмкIэ хэхъуэхэр

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2024 гъэм и щIышылэ - жэпуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ерыскъыхэкIхэмрэ псыхэкIхэмрэ елэжь и IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкIам я куэдагъым хагъэхъуащ 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.

ХЭХЪУЭХЭР къагъэлъэгъуащ хадэхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ теIуэнтIахэмкIэ (процент 14,7-кIэ), крахмалымкIэ (проценти 8-кIэ), нэкулъ лIэужьыгъуэхэмкIэ (проценти 3,4-кIэ), тхъуцIынэмрэ щэ дагъэ зэхэгъэвэжахэмкIэ (процент 19-кIэ), шэ зэфэмкIэ (проценти 9-кIэ), шатащхьэмкIэ (проценти 3,4-кIэ), Iус зэхэлъхэмкIэ (процент 54,5-кIэ).

ПсыхэкIхэм елэжьхэм ящыщу хэхъуэ нэхъыбэ къэзыгъэлъэгъуар сырэрэ (процент 13-кIэ) псыIэфIрэ (процент 16,4-кIэ) къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэрщ. НарзаныпсхэмкIэ бжыгъэхэм зэрыхэхъуа щыIэкъым. Апхуэдэуи продукцэ нэхъыбэ къыщыщIагъэкIащ спиртым, фадэм, шагъырым, ликерым, н.къ. щелэжь IуэхущIапIэхэми.

Къэдгъэлъэгъуэнщи, 2024 гъэм и мазипщIым къриубыдэу псори зэхэту ерыскъыхэкIыу къыщIагъэкIам и хэхъуэр проценти 103,6-рэ, псыхэкIхэмкIэ - процент 207-рэ хъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Щэнхабзэм и цIыхухэр

Iэпкълъэпкъри псэри зыпсыхь IэщIагъэ

Налшык Гъуазджэхэмкiэ и школ №1-м щапхъэу ялъытэ и «Озорницы» къэфакIуэ ансамблым и унафэщI Мез Светланэ и IэщIагъэм пэрытщ илъэс 50 хъуауэ. Краснодар къыщалъхуащ зи хъуэпсапIи, гъащIи, гупсыси къафэм езыпха бжьэдыгъу пщащэр. Зэгуэр балетым игъэпIейтея хъыджэбз цIыкIур и хъуэпсапIэм кIэлъыкIуащ. Иджы и гъэсэнхэм зэпеуэхэм текIуэныгъэхэр къыщахь, зэфIэкIхэр ягъэлъагъуэ, ехъулIэныгъэхэр яIэщ. Сабийхэр гъуазджэм дебгъэхьэхыныр, къафэм и бзэр къагурыбгъэIуэныр, я псэм зыхэщIэкIэ къебгъэщIэныр жэуаплыныгъэ ин зыпылъ IэщIагъэщ. Светланэ а жэуаплыныгъэр зыхещIэ икIи абы зэрыпэлъэщым насыпыфIэ ещI. Къафэм и хъуреягъым етщIэкIа уэршэрыр къыщIэддзащ Светланэ ГъуазджэмкIэ школым лэжьэн зэрыщригъэжьамкIэ...

- ГЪУАЗДЖЭМКIЭ школым лэжьэн щыщIэздзащ 1988 гъэм. КъафэмкIэ къудамэр абы зэрыхэтрэ илъэс 40 мэхъу. МакъамэмкIэ школым цIыкIуэхэр къафэм сэ щыхуэзгъасэрт. Школым и унафэщIу щыта Мыз Иринэ гу лъитащ си деж къекIуалIэхэм къафэным хуэнэхъуеиншэ, абы гурэ псэкIэ дихьэх куэд зэрахэтым. Апхуэдэ гупсысэхэр къыщызжиIэм, сабий зэчиифIэхэр къыхэтшри гуп ирикъуащ, хореографиемкIэ къудамэ зэдгъэпэщащ. Къудамэм и унафэщIу сылэжьащ илъэс куэдкIэ.

- «Озорницы» къэфакIуэ гупыр абы щыгъуэ къэунэхуа?

- Ансамблыр къыщыунэхуар 2002 гъэрщ. Гъуазджэхэмкiэ школым и къудамэхэр къалэ курыт еджапIэ куэдым щыIэщ. Сэ Налшык 7-нэ школым сагъэкIуати, абы щеджэ цIыкIухэм къафэм хуэгурыхуэхэр къахэсшащ. Къыхэзгъэщынут, школым и унафэщI Хьарзынэ Заур ди дэтхэнэ зэфIэкIми ехъулIэныгъэми гулъытэ зэрыхуищIыр.

Сабийхэм къафэ щIэщыгъуэхэр яхуэзгъэувыу щIэздзащ. Езыхэми абы я гур зэрыхигъахъуэр слъагъурт. Апхуэдэу щыхъум, зэпеуэхэм зыкъыщыдгъэлъэгъуэну и гъуэ хъуауэ къэслъытэри, республикэ, къалэ зэпеуэхэмкIэ къыщIэддзащ. Къапщтэмэ, абы щыгъуэ апхуэдэуи зэхьэзэхуэ куэд екIуэкIыртэкъым. Иджы махуэ щIагъуэ къэмынэу къызэрагъэпэщ къафакIуэхэм, уэрэджыIакIуэхэм я зэпеуэхэр (е концертхэр).

- КъэфакIуэ гупым и фIэщыгъэр дэнэ къикIа?

- 2011 гъэм зэпеуэ дыхэтыну зыдгъэхьэзырырт. Къафэхэр, фэилъхьэгъуэхэр хьэзырт, ауэ зыхедгъэтхэн папщIэ Iэмал имыIэу ди фIэщыгъэр къэдгъэлъэгъуэн хуейт. Си гъэсэнхэм я адэ-анэхэри, езы цIыкIуэхэри, сэри дегупсысырт дыкъызытеувыIэнум. Абы ирихьэлIэу, мо пщащэ дырипсырийхэр зэрызехьэ щыхъум, «Какие же вы озорницы!» щажесIэм, сабийхэми а махуэм кърихьэлIа адэ-анэхэми зэдапхъуэтащ, «Мис, гупым цIэ хьэлэмэт къыхуэбгъуэтащ!» - жаIэри. Апхуэдэу «Озорницы» дыхъуащ.

- «Щапхъэ зытепх хъун» цIэр сыт щыгъуэ къыфхуагъэфэща?

- 2016 гъэм. Зэхьэзэхуэ куэдым дыхэтат, зэпеуэхэм увыпIэхэр къыщытхь зэпытт, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр ди куэдт, къафэщIэхэр зэхэдгъэувэрт. Ставрополь, Железноводск, Псыхуабэ кIэщIкIэщIурэ дыкIуэрт, ехъулIэныгъэхэри диIэт. Арати, Гъуазджэхэмкiэ сабий школым и унафэщI Темыркъан Людмилэ гукъэкI ищIри, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм абы теухуа тхыгъэ едгъэхьащ. Ди лэжьыгъэр къапщытанэужь, «Образцовэ» цIэр къытфIащащ. ИкIи абы дызэрыхуэфащэм IуэхукIэ щыхьэт дытехъуэжын хуейщ илъэсищ къэс. Къафэу дгъэхьэзырхэр, ди дипломхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ, сурэт гъэтIылъыгъэхэр, видео теплъэгъуэхэр - псори диIэщ. Иужьу а къэпщытэныгъэм дызэрыхэтрэ куэд щIакъым.

- Зэпеуэу фызыхэтахэм зыгуэр къахэбгъэщхьэхукIрэ?

- Иужьу дыхэтащ «Радуга талантов» урысейпсо зэпеуэм. Абы япэ увыпIэу тIурэ, зы Гран-прирэ къыщахьащ си гъэсэнхэм. Мис абы псом хуэмыдэу игъэгушхуащ сабийхэр.

- Къафэм, балетым узэрыдихьэхам, щIэдзапIэ пхуэхъуам и гугъу къытхуэпщIын?

- ПэщIэдзэ классым сыщIэтIысхьа нэужь, спорт гимнастикэмкIэ еджапIэм щыIэ гупым сыхагъэхьащ. Хьарзынэу сыхэзагъэрт, сыкъизыгъэкIуэт щымыIэу. Зэгуэрым художественнэ гимнастикэм зыщыхуагъасэ пэшым сыщIэплъащ. Хъыджэжбз цIыкIухэр пхъэ убыдыпIэм бгъэдэту, я пкъыр захуэу яIыгъыу, я Iэпкълъэпкъыр лантIэ ящIу щыслъэгъуам, сехъуэпсат. Абы щыгъуэ сщIэртэкъым ар балету. Ауэ си гур къилъэтыным хуэдэт. СызыIэпишати, щIэхщIэхыурэ сахукъуэплъ хъуащ. Спорт гимнастикэмкIэ дерсыр дэ щыдухым ирихьэлIэу, абыхэм къызэхуэсу щIадзэрти, зыгъасэм селъэIури, я дерсым сыщIыхьэурэ сакIэлъыплъу, ящIэр сщIэжу къэзублащ.

Балетыр абы щыгъуэ фIыуэ слъэгъуащ, си гъащIэр абы зэреспхами хъыбар гъэщIэгъуэн иIэщ. Етхуанэ классым сыщеджэрт. Зэгуэрым школым сыкъикIыжу си классэгъу щIалэ цIыкIум и шыпхъум сыхуэзати, къыжиIащ: «ПщIэрэ, сэ нобэ Опперетэм и театрым сыщыIащ. Абы балет студие къыщызэIуах. Ди ныбжьым итхэр нобэ къыхахырти, сэ сыпхыкIакъым къэпщытэныгъэм. Уи ныбжьхэр зыхиубыдэ гупыр пщэдей сыхьэти 4-м зэхуэсынущ». Си гур къигуфIыкIащ. СыкIуащ студием. КъызэрыщIэкIымкIэ, къэпщытакIуэхэр къоплъын щхьэкIэ, уи анэм абы теухуауэ лъэIу итхын хуейт. Сэ си анэм ищIэххэтэкъым студием сыкIуэу. ЯжьэзIэ си анэр щыIауэ, тхыгъэри щIилъхьауэ. Сыхагъэхьэ. Сэри гъэсакIуэ тхуэхъунухэм сахоплъэри, теплъэкIэ си гум къыдыхьэр къыхызох. Апхуэдиз мыхьэнэ естырт сызыгъэсэнум. Абы и гупым сыхэтын щхьэкIэ, къыпэщIэхуэ классхэм сыкIуэурэ сыхэзгъэубыдэн хуей хъурт. Мис апхуэдэу, Опереттэм и театрым и балет студием сыкъыщыхутат. ИужькIэ, ар Григоровичым и балет студие ящIащ.

- ЩIэныгъэ щызэбгъэгъуэтар дэнэ, Светланэ?

- Еянэ классыр къэзухa нэужь, Краснодар культпросветучилищэм сыщIэтIысхьащ. Ар Северскэ станицэм щыIэт, Краснодар уикIыу сыхьэт гъуэгуанэ дэлът. Балет студием пэIэщIэ сызэрыхъур си жагъуэт. Iэмал сызэрихуэу абыкIэ сыкIуэрт, теплъэгъуэхэр щагъэувкIи сыхэтт. Уеблэмэ къэхъуащ тхьэмахуэкIэ еджапIэм сыщымыкIуа, студием и лэжьыгъэм сыхэмыкIыфурэ. Сысымэджауэ справкэ схуэзригъэпэщын хуей хъуат си адэм. Сытми, илъэс ныкъуэ фIэкIа сымыкIуауэ, зизгъанэри сыкъыщIэкIыжащ культпросвет училищэм. Курыт еджапIэм згъэзэжыфынутэкъыми, пщыхьэщхьэ щколым зыхезгъатхэри, абы щыпысщат еджэным. Илъэс дэкIри, Налшык культпросветучилищэм сыщIэтIысхьащ. Си ныбжьэгъу хъыджэбзи сщIыгъуу сыкъэкIуат Налшык. Абырэ сэрэ Налшык дыщызэдеджэри, зэгъусэуи Краснодар къыщыдухыжащ ЩэнхабзэмкIэ институтри. Ауэрэ унагъуэ сихьэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэIэпхъуащ. Налшык сыткIи си гум къыдыхьащ. Краснодар къалэм адыгэхэр апхуэдэу щымыкуэдми, мыбдеж адыгэбзэр гум щызу щызэхсх Хэку схуэхъуащ. Краснодар сыщыкIуэхэм дежи, си къалэ дахэм сыкъыхуозэшыр, си гур мыбы щызгъэтIылъащи.

СыкъэIэпхъуа нэужь, илъэскIэ ЩэнхабзэмкIэ профсоюзхэм я унэм сыщылэжьащ. ИужькIэ гъуазджэхэмкIэ школым сыкIуащ. Абырэ сызыщеджа институтымрэ сахэдэну Iэмал сиIэти, сабийхэм сахэтыныр къыхэсхауэ щытащ.

- Сабийхэм уадэлэжьэну сыт гукъыдэж къозытыр?

- Езы сабийхэр фIыуэ зэрыслъагъум, абыхэм я псэ къабзагъэм, я нэгум къирих гуфIэгъуэм, ехъулIэныгъэхэр щаIэм деж «дамэ къазэрытекIэм». ЩIэщыгъуэ гуэр къахуэзгупсысмэ, къафэщIэ яхуэзгъэувмэ, си гукъыдэжым зеIэт. Езы сабийхэми сыхуагъасэ куэдым, пэжым ухуеймэ.

- Нэхъыбэу сыт хуэдэ къафэ узэлэжьыр?

- Сабийхэр макъамэм и дунейм хызошэ япэ дерсхэм щегъэжьауэ. Ар зыхэпщIэн хуейщ зебгъэкIуфын щхьэкIэ. Чайковскэмрэ Бетховенрэ я макъамэхэр классикэ къафэ щызгъэувкIэ къэзгъэсэбэпыну сфIэфIщ. Дгъэхьэзыр къафэхэм яхэтщ зыбжанэрэ фIэкIэ дымыгъэлъэгъуаи гупыр къызэрыунэхурэ къыддэгъуэгурыкIуэхэри. ГъуазджэхэмкIэ школым и программэр къафэхэмкIэ къулейщ. Хачатурян и «Чиполино» балетым и макъамэмкIэ згъэуващ «Редиски», «Вишенки» Iыхьэхэр (лIэужьыгъуэхэри). Вивальди и макъамэм къытесщIыкIащ «Гукъыдэж» жыхуиIэр. «Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ тхылъхэм я тхьэмахуэ» жыхуиIэ Iуэхур республикэм илъэс къэс щокIуэкI школакIуэхэм я гъатхэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу. Iуэхур дэри догъэдахэ къафэкIэ. ГупсысэкIэ тхылъым и мыхьэнэм пэджэжу, куэдми ягу дыхьарэ щIэупщIэ иIэу абы папщIэ дэ диIэщ «Буратино» къафэр.

Классикэм нэмыщI, лъэпкъ куэдым я къафэхэр догъэлъагъуэ. «Калинка», «Кадриль» урыс къафэхэр, итальян «Тарантелла»-р, нэгъуэщI куэди. Урыс щэнхабзэм дыпэджэжу «Калинка»-м куэдрэ дыкъэфащ. Иджы абы и нехьэкъехуэу диIэщ «Матушка Русь» уэрэдым тету дгъэпсари. «КОДУМАА» эстоние лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм щIыгъуу дгъэхьэзырат къафэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщу «Через ножку» жыхуиIэр иджыри тфIэфIу догъэзащIэ. Эстонием и лIыкIуэу (посол) Урысей Федерацэм щыIэм и щIыхь тхылъ къысхуагъэфэщауэ щытащ а лэжьыгъэм папщIэ.

- Макъамэ гуэрым удихьэхыу абы тещIыхьауэ къафэ щызэхэбгъэувэ къэхъурэ?

- Къохъу куэдрэ. Вивальди и макъамэхэр сфIэфIщ, псалъэм папщIэ. Абыхэм ящыщ зым къытезгъэзэжурэ куэдрэ седаIуэрти, мис абы тету згъэуващ «Гукъыдэж» зыфIэсща къафэр. Си гъэсэнхэри екIуу хэзэгъащ си нэгум къыщIэзгъэхьа теплъэгъуэм.

- Зэпеуэу фызыхэтахэм къыщывата щIыхь тхылъхэм нэмыщI, гъуазджэм хэплъхьа гуащIэм теухуауэ сыт къыпхуагъэфэща?

- Налшык къалэ администрацэм и диплом зыбжанэ, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и диплом сиIэщ.

- Уи IэщIагъэм гъащIэм хилъхьэ IэфIыр арэзы утохъуэ...

- Пэжщ. СыгуфIэу лэжьапIэм сокIуэ, фIыуэ слъагъу гъэсэнхэр къыспожьэ. IэщIагъэкIи унагъуэкIи сынасыпыфIэщ!

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Ныр Сеф и фэеплъ зэпеуэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, УФ-м дзюдомкIэ щIыхь зиIэ и тренер Ныр Сеф и фэеплъ 5-нэ илъэсыщIэ зэхьэзэхуэ КъБКъУ-м и спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ 2015 - 2016 гъэхэм къалъхуа щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэр, псори зэхэту ныбжьыщIи 129-рэ.

Я ХЬЭЛЪАГЪ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ КIыщ Дамир, КIыщ Идар, Ахъуэхъу Марк, Куэшмэн Умар, Хьэтэжьыкъуэ Идар, Гафуров Руслан, Куэцэ Самир, Къущхьэ Мухьэмэд, Срыкъуэ Исмэхьил, ТеуныкI Эмир, КIэмпIарэ Астемыр, Щомахуэ Iэминэ, Шыд Денизэ, Азубэч Линэ, Уэзрокъуэ Минарэ, Абдуллаевэ Сарэ сымэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжанык1ахэмрэ медалхэр, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр иратащ. Абыхэм нэмыщI, Ныр Сеф и гъэсэнхэм къабгъэдэкIыу щIалэ цIыкIуищымрэ хъыджэбз цIыкIуищымрэ ахъшэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ. А псом ящхьэжу, зэпеуэм къэкIуа цIыкIухэр псори илъэсыщIэ IэфIыкIэхэмкIэ ягъэгуфIащ.

Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщари абы хэтахэр зыгъэхьэзырари дзюдомкIэ «Локомотив-Грин Хилл» клубырщ. Тренерхэр Джэданэ Залым, Мырзэбэч Азэмэт, Бэрэздж Светланэ, Куп Эдуард, Бэгъуэт Мухьэмэд, Сэралъп Олег, Къамбий Мартин сымэщ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **ШИРДИЙ Маринэ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч (*редактор нэхъыщхьэ*), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (*унафэщI-редактор*), **Къаншокъуэ Эллэ** (*жэуап зыхь секретарь*), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщi Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкiхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.489
Заказыр №2740
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Маруся** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.